

Assalamualaikum Wr. Wb.

Alhamdulillah, Alhamdulillah rabbil 'aalamin wa bihi nasta'inu 'alaa umuriddunya waddin, Wassholaatu wassalaamu 'alaa ashrofil ambiyaa'i walmursalin sayyidinaa muhammadin wa' alaa 'aalihi wa ashobihi ajmain ammaa ba'du

Wonten ngarsanipun Bapak Kepala Dukuh Putat I ingkang kinurmatan, wonten ngarsanipun Bapak RW, para Bapak RT, ingkang kinurmatan, saha wonten saguning para pini sepuh, kasepuhan ingkang pantes saguning pakurmatan, sumrambah dhumateng para rawuh kakung sumawana putri warga masyarakat Padukuhan Putat I ingkang bagya mulya..

Saderengipun nyuwun pangapunten kaparenga ing mriki kawula sumela atur wonten ngarsanipun para rawuh samudayanipun, saperlu hangaturaken menggah rantamaning adicara pepanggihan kring utawi rapat rutin padukuhan Putat I wonten ing kalenggahan ndalu menika.

Ananging sakderengipun, sumangga sesarengan kita hangunjukaken pamengku puja hastawa lan puji hastuti syukur wonten ngarsanipun Allah SWT ingkang sampun hambabar mapinten pinten nikmat, sahingga kula lan panjenengan sami taksih dipun keparengaken rawuh wonten papan menika, saperlu nderek hanetebi panyuwunanipun para kadang panitia kring utawi rapat rutin padukuhan Putat I kanthi kahanan kebak ing karaharjan lan kabagas warasan.

Ugi, shalawat saha salam mug i tansah konjuk dhumateng junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad SAW, kulawarga, lan sahaahabat, ingkang kita antu antu menggah syafaatipun wonten ing yaumul akhir hing samangke. Aamiin
Sagung para rawuh ingkang kinurmatan, wondene rantamaning adicara pepanggihan wonten ing kalenggahan punika nun injih :

Adicara sepisan Pambuka,
ingkang angka kalih atur pangandikan saking Kepala Dukuh Putat I,
Adicara ingkang kaping sekawan, nun injih adicara inti arupi musyawarah program kerja Padukuhan wonten ing pungkasaning warsa 2024,
Kalajengaken adicara sak lajengipun nun injih adicara mancawarna utawi lain-lain
Dene adicara ingkang pungkasan nun injih panutup.

Sagung para lenggah ingkang minulya, murih cekat lan ceketing swasana, pramila sumangga adicara menika kita purwakani kanthi urut lampah tataran ingkang kaping pisan nun injih

Pambuka; Katur dhumateng sagung para rawuh ingkang hangrasuk agami islam, kasuwun sesarengan samangke murwakani adicara punika kanthi waosan basmallah, wondene ingkang hangrasuk agami sanes kasumanggaaken miterat kapitadosanipun piyambak-piyambak. Ndedonga kawiwitan.

Bissmillahirrahmanirahimi .

Ndedonga cekap, nuwun.

Sak lajengipun tataran adicara angka kalih nun injih atur pangandikan saking Kepala Dukuh Putat I, dhumateng panjenenganipun Bapak kasumanggakaken,

..... sambutan kepala dukuh

dhumateng panjenenganipun Bapak kahaturaken agenging matur sembah nuwun.

para rawuh ingkang minulya, ndungkap tataran adicara sak lajengipun injih menika musyawarah, dene lampahing musyawarah wonten ing kasempatan punika badhe dipun dherekaken dening panjenenganipun sedherek, dhumateng panjenenganipun sederek kasumanggaaken, sumangga.

..... musyawarah

Kahaturaken agunging panuwun dhumateng sederek ingkang sampun kepareng nderekaken lampahing musyawarah ndalu punika.

Sagung para rawuh samudayanipun, tumuli kalajengaken adicara ingkang salajengipun nun injih manca warna utawi lain lain, wonten ing adicara menika estu kasumanggaaken dhumateng sagunging para rawuh hambok bilih taksih wonten pamundhutan pirsu, utawi panyaruwe tumrapping kasimpulan musyawarah ing ndalu punika.

Wondene sampun kapenggalih cekap, prayogi kita lajengaken adicara candakipun nun injih panutup. Sumangga kita pungkasi adicara pepanggihan ndalu menika kanthi ngonjukaken panuwun dhumateng ngarsanipun Allah SWT kanthi waosan tahmid sesarengan kita derekaken..

Alhamdulillah rabbil'alamiin nuwun

Ndungkap pungkasaning atur, agenging raos panuwun mugi mufakating parembagan ndalu menika estu sagedo paring manfaat dhumateng tata pagesangan masyarakat padukuhan Putat 1 menika, Aamiin..

Ing wusananipun, kawula ingkang hamratitisaken lampahing titi laksono hambok bilih pinanggih kalepatan, estu nyuwun lumunturing samudra pangaksami.

Nuwun...

Wabillahi taufik wal hidayah, Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

PITAKENAN

Kawangsulana pitakenan-pitakenan wonten ing ngandhap menika kanthi adhedhasar teks wonten ing nginggil lan kaginakna basa Jawa ragam krama!

1. Jumbuh kaliyan perangan wedharing gati saha purwaka, teks pranatacara wonten ing nginggil menika kaginakaken wonten ing adicara menapa?

Wangsulan:

Kaseratna pawadanipun

2. Bab punapa ingkang karembag wonten ing musawarah menika ?

Wangsulan:

3. Sinten kemawon ingkang rawuh wonten ing adicara menika ?

Wangsulan:

4. Kaandharna kenging menapa adicara wonten teks ing nginggil kalampahan ?

Wangsulan: